

**APLIKAN**

Tanpri ekri an lèt detache byen klè epi pa ekri nan espas ki fone yo.

Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Siyati			Telefòn Kay				
Nimewo kay ak ri	Nimewo Apatman	Vil	Eta	Kòd Postal	Konte		
Èske sa a se yon chèltè? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non							
Nimewo Kay ak Ri / Bwat Postal (Si li diferan ak sa ki anwo a)			Nimewo Apatman	Vil	Eta	Kòd Postal	Konte

**NON YO**

Ekri non ou avan. Mete lòt non ak non jenn fi. Si sa nesesè, kole yon fè ak non tout timoun yo.

Prepon, Inisyal Dezyèm Prepon, Siyati	Dat Nesans (Mwa/Jou/Ane)	Seks	Nimewo Sekirite Sosyal	Ras/Gwooup Etnik (Gade Kòd Ki Anba a)
Oumenm				
Mari/Madanm				
Timoun*				
Timoun*				

\*Si ou poko gen 18 tan.

Kòd Ras/Afilyasyon Etnik **B:** Nwa, Pa Orijin Panyòl **W:** Blan, Pa Orijin Panyòl **H:** Ispanik **A:** Azyatik oswa Natifnatale Zile Pasifik **I:** Endyen Ameriken oswa Natifnatale Alaska **U:** Pa konnen **O:** Lòt

**ENFÒMASYON SOU SITWAYÈNTE**

Èske w se yon sitwayen ameriken?  Wi  Non

Si repons la se Non, èske ou gen papye imigrasyon ki fè ou legal?  Wi  Non Mete nimewo etranje, dat sitiyasyon, ak dat antre nan peyi a, si sa apwopriye.

Nimewo Etranje	Dat Sitiyasyon (Date of Status, DOS)	Dat ou te Antre nan Peyi a (Date Entered Country, DEC)
----------------	--------------------------------------	--

Èske mari osawa madanm ou se yon sitwayen ameriken?  Wi  Non

Si repons la se Non, èske mari osawa madanm ou gen papye imigrasyon ki fè li legal?  Wi  Non Mete nimewo etranje, dat sitiyasyon, ak dat antre nan peyi a, si sa apwopriye.

Nimewo Etranje	Dat Sitiyasyon (Date of Status, DOS)	Dat ou te Antre nan Peyi a (Date Entered Country, DEC)
----------------	--------------------------------------	--

**ENFÒMASYON KONSÈNAN MEDICARE**

Nimewo Medicare Aplikan an (Ki sou Kat Wouj ak ble Medicare a)		Èske ou gen Medicare Pati A? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		Dat li anvige	Èske ou gen Medicare Pati B? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Dat li Anvige
Nimewo Medicare Mari osawa Madanm (Ki sou Kat Wouj ak ble Medicare a)		Èske mari osawa madanm ou gen Medicare Pati A? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		Dat li anvige	Èske mari osawa madanm ou gen Medicare Pati B? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Dat li Anvige

Èske ou ta renmen nou konsidere ba ou ranbousman retwo-aktif pou prim Medicare ou a?  Wi  Non

Èske oumenm osawa mari/madanm ou peye lòt prim asirans sante ki apa Medicare?  Wi  Non

Kimoun?	Kantite Lajan chak Mwa \$
---------	---------------------------

Èske oumenm osawa mari/madanm ou peye pou sipò timoun/madanm/mari?  Wi  Non

Kimoun?	Kantite Lajan chak Mwa \$
---------	---------------------------

Èske oumenm osawa mari/madanm ou resevwa peman osawa se benefisyè pou yon fideyikomi?  Wi  Non

Kimoun?	Valè \$
---------	---------

**REVNI**  
Mete tout revni ki disponib anba la a, tankou: salè, pansyon, sekirite sosyal, peman pou separe ak yon travay, pri lwavey osawa revni biznis, elatriye. Si sa nesesè, kole yon lòt fèy ak tout sous revni ou yo.

Non Aplikan, Mari/Madanm, osawa timoun ki poko gen 18 tan	Ki moun ki bay lajan an? (Non / Sous =Revni)	Konbyen Lajan?	Konbyen Fwa? (Chak Semèn, Chak Kenzèn, Chak Mwa, Lòt)

Èske ou vle resevwa avi yo nan lang:  Angle sèlman  Kreyòl ak angle

**KONSANTMAN:**

Mwen rekonèt depi mwen siyen fòm aplikasyon/sètifikasyon sa a, mwen dakò pou Depatman Sèvis Sosyal fè nenpòt ankèt pou verifye osawa konfime enfòmasyon mwen te bay yo osawa nenpòt lòt ankèt yo fè ki gen pou wè ak demann mwen pou Medicaid. Si yo mande mwen plis enfòmasyon, m ap bay yo.

**SIYATI**

Siyati Aplikan / Reprezentan	Dat	
Siyati Mari/Madanm	Dat	
Adrès Reprezantan an		
Vil	Eta	Kòd postal
Nimewo Telefòn	Relasyon	

## ENSTRIKSYON

### RANPLI APLIKASYON AN

Pa blye reponn tout kesyon yo. Si ou marye epi w ap viv ak mari/madanm ou, ou fèt pou ranpli kesyon sou "Tèt" ou ak kesyon sou "Mari/Madanm" ou yo (menm si li p ap aplike pou MSP li m emm).

### SIYEN APLIKASYON AN EPI METE DAT LA SOU LI

Si ou menm ak mari/madanm ou ap aplike, nou toulede dwe siyen aplikasyon pou MSP a.

### METE DOKIMAN VERIFIKASYON SA YO

Tanpri gade lis la epi voye dokiman w ap bezwen bay pou Pwogram Medicaid la ka detèmine si ou kalifye pou MSP. Si w ap mande ranbousman retwo-aktif pou prim Medicare ou yo, ou dwe voye prèv revni pou twa (3) mwa ki sot pase yo. Si gen yon mari/madanm k ap aplike, li dwe voye dokiman sa yo tou.

- Yon fotokopi devan ak dèyè Kat Medicare ou

• **Prèv Revni:** Souch chèk, lèt ki soti nan men patwon, taks sou revni, lèt prim pou nenpòt avantaj revni ki pa soti nan travay tankou sekirite sosyal, chomaj, oswa avantaj veteran, oswa lèt ki soti nan men moun ou lwe kay oswa moun ki rete lakay ou.

• **Prim asirans sante ou peye ki pa Medicare:** Lèt ki soti nan men patwon ou, etadkont prim, oswa souch chèk

• **Prèv dat nesans ou:** Lisans chofè Eta a, batistè ameriken, kat rezidan pèmanan ("grinkat") oswa kat Identifikasiyon Avantaj Eta New York.

• **Prèv rezidans:** Kontra lwave / lèt / resi lwave ak adrès ka ou nan men mèt kay la, lisans chofè (si yo te ba ou li nan 6 mwa ki sot pase yo oswa mwens), bòdwo sèvis piblik (gaz, kouran, telefòn, kab, gaz oswa dlo), kat ID gouvènman ak adrès ou sou li, dosye taks sou pwopriyete dosye oswa etadkont ipotèk, oswa anvlop oswa kat postal ki gen dat sou li (ou p ap ka itilize li se yo te voye li nan yon Bwat Postal).

• Si ou pa yon sitwayen ameriken, ou dwe bay yon dokiman ki montre sitiayson ou ak imigrasyon nan moman an.

**Voye aplikasyon an pa lapòt ak dokiman ki nesesè yo nan Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, LDSS) oswa Administrasyon Resous Imèn (Human Resource Administration, HRA). Pou jwenn adrès nan konte ou a: [http://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/ldss.htm](http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm)**

### KONDISYON, DWA AK RESPONSABILITE YO

Depi mwen ranpli ak siyen fòm sa a, sa vle di m ap aplike pou Pwogram Ekonomi Medicare a. **PEMAN POU PRIM MEDICARE OU A SE YON AVANTAJ MEDICAID.**

### SANKSYON

Mwen rekonèt yo ka mennen ankèt sou aplikasyon mwen an, epi mwen dakò pou mwen kolabore ak ankèt sa a. Lwa federal ak lwa Eta yo prewva sanksyon, anprizònman oswa toulède si ou pa di laverite lè ou aplike pou Avantaj Medicaid, oswa nenpòt lè yo poze ou kesyon sou kalifikasyon ou, ou lakòz yon lòt moun pa di laverite konsènan re-sètifikasyon, oswa konsènan kontinyasyon kalifikasyon ou.

### CHANJMAN

Mwen dakò pou mwen deklare nenpòt chanjman nan enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a san pèdi tan.

### NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (SOCIAL SECURITY NUMBER, SSN):

Si w ap aplike pou Pwogram Ekonomi Medicare a, ou dwe bay SSN ou, amwenske ou se yon fanm ansent. Lwa ki mande sa se: 18NYCRR Seksyon 351.2, 360-1.2, ak 360-3.2 (j) (3); 42USC 1320b-7. Yo itilize SSN yo plizyè fason, nan distri sèvis sosyal lokal yo epi ant distri sèvis sosyal lokal yo ak ajans federal yo, ajans Eta yo ak ajans lokal yo, nan jiridiksyon New York ak nan lòt jiridiksyon yo. Men kèk rezon nou itilize SSN yo: pou verifye idantite, pou idantifye ak pou verifye revni ou touche nan travay ak revni ou pa touche nan travay, pou wè si paran ki absan an kapab jwenn asirans sante pou moun ki aplike yo, pou wè si moun ki aplike yo kapab jwenn sipò timoun, epitou pou wè si moun ki aplike yo kapab jwenn lajan oswa lòt èd.

### SÈTIKASYON SITWAYÈNTE AK SITIYASYON AK IMIGRASYON

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, mwen menm ak/oswa moun mwen siyen pou li a se yon sitwayen ameriken oswa yon nasyonal oswa li gen papye imigrasyon legal li. Mwen rekonèt yo pral voye enfòmasyon sou mwen yo bay Sèvis Imigrasyon ak Natirализasyon Etazini (United States Citizenship and Immigration Services, USCIS) pou verifye sitiayson mwen ak imigrasyon, si sa nesesè. Epi tou mwen rekonèt yo pral itilize oswa pataje enfòmasyon sou mwen sèlman pou moun ak òganizasyon ki konekte dirèkteman avèk verifikasiyon sitiayson imigrasyon an ak administrasyon oswa ranfòsman dispozisyon Pwogram Medicaid la.

### AVI KONT DISKRIMINASYON

N ap konsidere aplikasyon sa a san nou pa gade sou ras, koulè, sèks, andikap, kwayans reliye, peyi kote ou soti oswa konviksyon politik ou.

### KONFIMASYON

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen sèmante epi mwen konfime enfòmasyon mwen te bay oswa pral bay Depatman Sèvis Sosyal pou jwenn Medicaid la se verite. Epi tou mwen transfere bay Depatman Sèvis Sosyal la tout dwa mwen genyen pou al dèyè sipò nan men moun ki gen responsabilite legal pou sipò mwen ak pou al dèyè lòt resous. Mwen konprann Medicaid kapab rekipere sa yo te peye pou mwen nan men moun ki te responsabilite legal pou sipò mwen lè mwen te jwenn sèvis medikal yo.

**Si apre ou li ak ranpli fòm sa a, ou deside ou PA vle aplike pou Pwogram Ekonomi Medicare a, tanpri siyen non ou anba la a:**

**Mwen bay konsantman pou anile aplikasyon mwen an:**

Siyati Moun ki Aplike a	Dat la
-------------------------	--------

Signature of Person Who Obtained Eligibility Information		Date	Employed By			
Date Eligibility Determined By Worker			Date Eligibility Approved By			
Central/Office	Application Date	Unit ID	Worker ID	Case Type	Case No.	Reuse Ind.
Case Name		District		Registry No.		Ver.
Effective Date		MA Disp.	Denial	Withdrawal	Reason Code	Proxy <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No